ФИФӀ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ӀЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКӀУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКӀ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№78 (24.828) • 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 28, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокӀ • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Ӏэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-ӀуэхущӀапӀэхэм къызэратамкӀэ

## ПсэукӀэр езыгъэфӀакӀуэр

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщӀым и къуэдзэ Хуснуллин Марат и унафэм щӀэту екӀуэкӀа, ЩӀыналъэхэм зегъэужьынымкӀэ комиссэм и зи чэзу зэӀущӀэм видеозэпыщӀэныгъэкӀэ хэтащ КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек.**

ЗЭХУЭСЫР зытеухуар «ГъащӀэм папщӀэ инфраструктурэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткӀэ ирагъэкӀуэкӀ ухуэныгъэхэмрэ абы епха къэрал проектхэмрэт. Дызэрыт зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрыр, къэралыр и щӀэгъэкъуэну, инфраструктурэм епха объект пщӀы бжыгъэхэм йолэжь.

Псалъэм папщӀэ, «Иджырей школ» къэрал проектым ипкъ иткӀэ Прималкинскэ, Александровскэ, Шэджэм, Нарткъалэ, Красносельскэ жылэхэм школхэр щаухуащ икӀи щаутӀыпщащ. «Унагъуэм зыщӀэгъэкъуэн» къэрал проектым и фӀыгъэкӀэ Бахъсэн, Гундэлэн, Старэ Шэрэдж щаухуэну я мурад сабий ӀыгъыпӀэхэм я проектхэр ягъэхьэзыращ.

«Щэнхабзэм зегъэужьын» УФ-м и къэрал программэм тету, «Театрхэм я уардэ унэр» и кӀэм нагъэс. КИФЩӀ-м и зыужьыныгъэм телажьэ къэрал программэхэмкӀэ Тырныауз щызэфӀагъэкӀ псыр зыгъэкъабзэ ухуэныгъэхэм, пӀалъэ зыхуагъэувыжыр 2027 гъэм и кӀэрщ. Азау псыхъуэмрэ Ӏуащхьэмахуэ къуажэмрэ я зэхуакум щызэпрыша псыр зыгъэкъабзэ коллекторым ирахьэлӀэ лэжьыгъэхэр и кӀэм нагъэсащ.

ЩӀыналъэхэм лэжьыгъэ зэуӀу щегъэкӀуэкӀын программэмкӀэ Налшык сабий ӀыгъыпӀэщӀэхэр щаухуэну я мурадщ. И кӀэм нэсыным куэд иӀэжкъым Псынэдахэ дэт школым ирахьэлӀэ лэжьыгъэхэри. «Лышхым ебэнын» къэрал проектым ипкъ иткӀэ, республикэм Лышхым щеӀэзэ диспансер щаухуэ, щаухыну пӀалъэр – 2026 гъэм и дыгъэгъазэрщ. Зэуэ цӀыху 500-м Ӏуэхутхьэбзэ щыхуащӀэф Къалэ поликлиникэщӀэм лэжьэн щӀидзакӀэщ, Кэнжэ щаухуэ амбулаторэр илъэсым и кӀэм яухынущ.

Къалэр псэупӀэ тынш щӀыным хуэгъэпса щӀыналъэ проектым ипкъ иткӀэ жылагъуэ пщӀантӀэ 37-рэ зыхуей хуагъэзэнущ. Гъуэгу проектхэмкӀэ щӀыпӀэ 20-м лэжьыгъэ щокӀуэкӀ, лъэс зэпрыкӀыпӀэу 42-рэ яухуэ, автобус къэувыӀэпӀэхэм автопавильон 71-рэ щызэрагъэпэщынущ. Программэ зыбжанэм ятегуэшауэ, иджыри медицинэм, щэнхабзэм, псэупӀэ-коммунальнэ хозяйствэм, егъэджэныгъэм епха ухуэныгъэхэр зыхуей хуагъэзэну я мурадщ.



## УнэтӀыныгъэ нэхъыщхьэхэр яубзыху

**КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек хуэзащ лэжьыгъэ ӀуэхукӀэ республикэм къэкӀуа, УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкӀэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей.**

ЗэӀущӀэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтӀыныгъэ нэхъыщхьэхэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьынымкӀэ программэм хыхьэ проект мыхьэнэшхуэ зиӀэхэр зэрагъэзащӀэм.

Зи гугъу ящӀахэм ящыщщ гъэм и сыт хуэдэ зэманми лажьэ «Ӏуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексым и зэфӀэкӀым адэкӀи хэгъэхъуэным, Налшык и псэупӀэ хьэблэщӀэхэм унэхэр щыухуэным, ӀэнатӀэхэм инвестицэхэр къыхегъэлъхьэным пыщӀа Ӏуэхухэм.

Назаров Сергей щыӀащ щӀыналъэм и ухуэныгъэ зыбжанэм, хьэрычэтыщӀэхэм яхуэзащ, инвестицэхэр къэгъэсэбэпыным тепсэлъыхьащ.

Апхуэдэ лэжьэкӀэм Ӏэмал къет къэралымрэ абы и щӀыналъэхэмрэ я зэпыщӀэныгъэр нэхъри гъэбыдэнымкӀэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм щынэхъыщхьэ къалэнхэр гъэзэщӀэнымкӀэ.

КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбекрэ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкӀэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергейрэ а махуэ дыдэм ирагъэкӀуэкӀащ УФ-м и Правительствэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьынымкӀэ и комиссэм и лэжьакӀуэ гупым и зэӀущӀэ. Абы хэтащ «Кавказ-РФ» АО-м и генеральнэ директор Юмшанов Андрейрэ Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкӀэ и министерствэм, КъБР-м и Правительствэм я лӀыкӀуэхэр.

Гулъытэ хэха хуащӀащ «Ӏуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупӀэм нэхъри зегъэужьыным, сыту жыпӀэмэ ар ящыщщ гулъытэ хэха зыхуащӀ проектхэм икӀи дунейпсо пщалъэм изагъэ, бгым лыжэкӀэ къежэхыным хуэщӀа зыгъэпсэхупӀэ ин Кавказ Ищхъэрэм къыщызэгъэпэщыным теухуащ. А проектыр адэкӀи гъэзэщӀэным пыщӀа зи чэзу къалэнхэм тепсэлъыхьащ.

ЗэӀущӀэ нэужьым КӀуэкӀуэ Казбекрэ Назаров Сергейрэ щыӀащ Налшык къалэм и «КъуэкӀыпӀэ» псэупӀэ хьэблэщӀэм – зэдэууэ ухуэныгъэ куэд щекӀуэкӀым. Фэтэр куэду зэхэту абдеж щаухуа унэхэм ящыщ зыбжанэм цӀыхухэр щӀагъэтӀысхьэжакӀэщ. Абыхэм яхэтщ къалэм и общежитхэм щӀэсхэр псэупӀэкӀэ къызэгъэпэщыным теухуа программэхэмкӀэ унэ зратахэри. А хьэблэм щолажьэ щӀыналъэм щынэхъ ин дыдэ курыт еджапӀэр – унэтӀыныгъэ куэдым хуэщӀа, еджакӀуэ 1500-м ятещӀыхьа гимназиер, апхуэдэуи медицинэ центр ин зыбжанэ. Я мурадщ сабий гъэсапӀэхэм я ухуэныгъэхэм щӀадзэну, инженер коммуникацэхэр щӀэлъхьэным теухуа лэжьыгъэхэри и кӀэм нагъэсыну. Апхуэдэуи, Налшык а и Ӏыхьэм щӀыпӀэхэр зэӀузэпэщ щащӀ, гъуэгу-транспорт ӀэнатӀэми зэхъуэкӀыныгъэшхуэхэр щрагъэкӀуэкӀ.

## Зи ӀэнатӀэм псэ хьэлэлкӀэ пэрытхэр



КъБР-м и Парламентым щекӀуэкӀащ илъэс бжыгъэ куэд хъуауэ зи ӀэнатӀэм псэ хьэлэлкӀэ пэрыту республикэм и зыужьыныгъэм хуэлажьэ цӀыхубэр щагъэлъэпӀа зэӀущӀэ гуапэ. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкӀэ и Советым, КъБР-м и Парламентым я щӀыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща цӀыху 50-м щӀигъум яритыжащ Парламентым и УнафэщӀ Егоровэ Татьянэ.

Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, КъБР-м и Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и УнафэщӀым жиӀащ:

- Нобэ Парламентым къыбгъэдэкӀ дамыгъэхэр еттыну къедгъэблэгъащ ӀэнатӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэм ехъулӀэныгъэшхуэхэр щызыӀэрызыгъэхьахэр. Куэд щӀакъым КъБР-м и Ӏэтащхьэм КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъазэрэ, абы республикэ УнафэщӀым щыжиӀащ, дызэрыт зэманым щыӀэ гугъуехьхэм емылъытауэ, республикэр ипэкӀэ зэрыкӀуатэр. Экономикэм зэпӀэзэрыту зеужь, абы и фӀыгъэкӀэ республикэм и мылъкум хохъуэ, ахэр сэбэп мэхъу псэуныгъэм ехьэлӀа Ӏуэхухэр зэфӀэхынымкӀэ, щӀыналъэм и зэӀузэпэщыныгъэр егъэфӀэкӀуэнымкӀэ, цӀыхухэм я псэукӀэр нэхъыфӀ щӀынымкӀэ.

*(КӀэухыр 2- нэ нап.)*



# ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну я мурадщ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIа республикэм и хабзэгъэув органым и президиумым зи чэзу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Iуэху куэдым. Депутатхэр хэплъащ республикэ, федеральнэ законхэм. УФ-м и щIыналъэхэм къикIа зэрызыкъыхуагъазэхэмрэ хабзэгъэув жэрдэмхэмрэ.**

ПАРЛАМЕНТЫМ КIэлъыплъыныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым къызэригъэпэщри, «комитетым и сыхьэтым» щедэIуащ 2024 гъэм и бжьыхьэ сессиемрэ 2025 гъэм и гъатхэ сессиемрэ абы иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм, КъБР-м и Парламентым и Регламентым нэхъыщхьэу къыщыгъэлъэгъуахэр зэригъэзэщIам теухуауэ жаIэхэм.

- КIэлъыплъыныгъэ-аналитикэ лэжьыгъэм къитIасэу ищхьэкIэ щагъэува «правительствэ сыхьэтхэм» президиумым и зэIущIэхэм зэрыщедаIуэм, «стIол хъурейхэр», парламент едэIуэныгъэ къызэрызэрагъэпэщым къадэкIуэу, дэ езыхэм къыхэтлъхьащ щIэхэр, псалъэм и хьэтыркIэ, «комитетым и сыхьэтыр». Ар хуагъэзащ комитетхэм я лэжьыгъэм, ахэр езыхэм зэрагъакIуэ Iуэхухэм зыщыIууэ гугъуехьхэм икIи зэрызэфIагъэкI Iэмалхэм яхуэгъэзауэ абыхэм я унафэщIхэм жаIэхэм едэIуэным, властым и гъэзэщIакIуэ органхэм зэрадэлажьэм, абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ и ехъулIэныгъэхэм щыгъуазэ ящIыным, - къыхигъэщхьэхукIащ Егоровэ Татьянэ зэIущIэр къыщызэIуихым.

КъБР-м и Парламентым КIэлъыплъыныгъэмрэ регламентымрэ и комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ тепсэлъыхьащ а комитетым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм, Республикэм и хабзэгъэув органым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхухэм, абы КъБР-м и Парламентым и Регламентым и хабзэ нэхъыщхьэхэр зэрыпхигъэкIым икIи а псори бжыгъэхэмкIэ къигъэлъэгъуащ.

- Еблане зэхуэсыгъуэм и лэжьыгъэм зэрыщIидзэрэ Парламентым и зэIущIэу 15, президиумым и зэIущIэу 39-рэ, зы едэIуэныгъэ, «правительствэ сыхьэту», «комитетым и сыхьэту» 14, «стIол хъурейуэ» 2, комитетхэм зыубгъуауэ е щIыпIэхэм кIуэуэ зэхагъэхьа зэIущIэхэу 13 ирагъэкIуэкIащ. КъБР-м и Парламентым хабзэхэм я пщалъэ 58-рэ, абыхэм закон 54-рэ яхэту, къищтащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ текI имыIэу егъэзащIэ и план, иубзыхуа Iуэху псори. Дауи, къохъу языныкъуэ Iуэхухэр щагъэзащIэ пIалъэхэр щагъэIэпхъуэ, ауэ ар депутатхэм я зэранкъым. Хабзэгъэув жэрдэмхэр къызыбгъэдэкIыну хуитыныгъэ зиIэхэм Парламентым къыщыхалъхьэ проектхэми я бжыгъэм кIэрыхуркъым,- жиIащ Кансаевэ Еленэ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщхьэхукIащ Регламентым тету Парламентымрэ абы и президиумымрэ я зэIущIэхэм щытепсэлъыхьыну къыхалъхьа Iуэхухэр япэщIыкIэ гъэхьэзырыным комитетыр зэрелэжьар. Депутатхэр зэIущIэхэм зэрыхэтыр зэпымыууэ къапщытэ, Регламентым щыубзыхуахэм зэрытетым кIэлъоплъ, парламент зэхуаку зэдэлэжьэныгъэм егъэщIылIа Iуэхухэр ирагъэфIакIуэ.

АдэкIэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м и законхэм я проектхэми. Абыхэм ящыщщ «КъБР-м щекIуэкI турист лэжьыгъэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и 5-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуар.

Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмкIэ, хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэмкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур къагуригъэIуащ а пэхуэщIэр «УФ-м щекIуэкI турист лэжьыгъэм и лъабжьэхэм я IуэхукIэ» ФЗ-м и №31-нэ, 32-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ закон №183-ФЗ-р къызэращтам къыхэкIыу зэрагъэхьэзырар. Абы ипкъ иткIэ экскурсхэр, щэнхабзэ-узэщIыныгъэ мурадхэм хуэгъэза гъуэгуанэхэр къызэрагъэпэщ, нэхъапэхэм зэрыщытам хуэдэу, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм щIэсхэм я мызакъуэу, зи ныбжьыр илъэс 23-м щIимыгъуахэри къызэщIиубыдэу IэщIагъэхэр щрагъэгъуэт еджапIэхэм щеджэхэм щхьэкIи. Зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр «КъБР-м щекIуэкI турист лэжьыгъэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и «Уполномоченнэ органым и полномочиехэр» 5-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и 3-1-нэ пунктым хагъэхьэнущ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «Псы къулеигъэхэр къэгъэсэбэпынымрэ хъумэнымрэ я IэнатIэм зэхущытыкIэхэр щызегъэкIуэным и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и 3-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» республикэ законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ УФ-м и Псы кодексымрэ «УФ-м и щIыналъэхэм цIыху куэд зыхэт властыр къызэрыщызэрагъэпэщ я зэхуэдэ хабзэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законымрэ зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьам къыхэкIыу.

КъБР-м и Парламентым Аграр IуэхухэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур жиIащ проектым «Псы къулеигъэхэр къагъэсэбэпыным икIи хъумэным я IэнатIэм зэхущытыкIэхэр щызегъэкIуэным и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и «Псы зэхущытыкIэхэм я IэнатIэм КъБР-м и къэрал властым и органхэм щаIэ полномочиехэр» 3-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и 8-нэ пунктым псыхэм цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къащызэзыгъэпэщ хабзэхэр ягъэувыну полномочиехэр зэраIэр къыщыгъэлъэгъуа 8-1-нэ пунктыр щIагъужыну къызэрыхалъхьэр.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ, информацэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Iэмырбий и лэжьэгъухэр щыгъуазэ ищIащ «Щэнхабзэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым и 54-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ федеральнэ законодательствэм ирагъэзэгъын мурадкIэ.

Законхэм я проектхэр къазэрыщыхъур жаIэн, зэгъэзэхуэжыныгъэхэр халъхьэн папщIэ хуагъэхьащ мы Iуэхум зи сэбэп хэлъ псоми.

КъБР-м и Парламентым 2025 гъэм и гъатхэ сессием зэфIигъэкIын хуей Iуэху нэхъыщхьэхэм я планым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ.

«ЗэмылIэужьыгъуэхэр» Iыхьэм КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и комитетым и унафэщI Кривко Михаил зэIущIэм хэтхэм яжриIащ «КъБР-м терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щапэщIэтыныр» Iуэхум теухуауэ екIуэкIа «правительствэ сыхьэтым» къыщрата чэнджэщхэр гъэзэщIа зэрыхъуар.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● ЩIэблэ

# Тхылъыр ныбжьэгъу пэжщ

**Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм ныбжьыщIэхэм тхылъ еджэныр Iэпэдэгъэлэл ямыщIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Псом хуэмыдэу тхылъхэр зыхъумэхэм ар фIыуэ къагуроIуэ. Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм нэгъуэщI къэрал литературэхэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Дельфин» центрым зы щызыгъэпсэхухэм папщIэ иджыблагъэ къызэрагъэпэщащ «Тхылъым и лIыхъужьыр къащIэ» джэгукIэр.**

ПСОРИ щыгъуазэщ литературэм дунейр нэхъ гуапэ, гъэщIэгъуэн, щхъуэкIэплъыкIэ зэрищIым, тхылъ еджэм и хьэл-щэнми фIы гуэр зэрыхилъхьэм. Зэхыхьэм хэта ныбжьыщIэхэр хашащ фIыуэ ялъагъу таурыхъхэм къыхэщ лIыхъужьхэм я дунейм. Библиотекэм и лэжьакIуэхэм ирагъэблэгъа хьэщIэхэм я фIыгъэкIэ «къагъэпсэужащ» Андерсен Ганс Христиан, Перро Шарль, Милна Александр, Линдгрен Астрид сымэ я таурыхъ цIэрыIуэхэр. НыбжьыщIэхэм къуажэхьхэр кърагъэщIащ, акъылыр зыгъэлажьэ нэгъуэщI джэгукIэ щIэщыгъуэхэми хагъэтащ. ЦIыкIухэм абы хуабжьу я нэгу зригъэужьащ, таурыхъхэри ягу къигъэкIыжащ.

Сабийхэм зыщагъэгъуэзащ ныбжьыщIэхэм яхуэгъэза тхылъ щхъуэкIэплъыкIэхэр зытралъхьа дапхъэм. НыбжьыщIэхэм папщIэ ягъэлъэгъуащ Корабельников Олег и «Башня птиц» повестыр. 1981 гъэм япэу къыдагъэкIа, цIыхум щIыуэпсымрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ пыщIэныгъэ быдэ зэрыхуиIэр зи лъабжьэ а тхыгъэм ноби щIэупщIэшхуэ иIэщ. А тхыгъэм сабийхэр хуегъасэ дунейм, щIыуэпсым хуэсакъыну, абыхэм я щытыкIэмкIэ жэуаплыныгъэ зэрахьыр захрегъащIэ икIи ирегъэгупсыс дунейр нэхъ къабзэ хъун щхьэкIэ яхузэфIэкIынум.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



# Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 28,** *щэбэт*

♦**Адыгэ Республикэм и къэрал суверенитетым теухуа Декларацэр къыщащта махуэщ**

♦**1798 гъэм** къалъхуащ 1829 гъэм Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIа адыгэлI **Хьэшыр Чылар**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, щIэныгъэлI, генеалогиемкIэ дунейпсо академиеми (Париж) ЩIДАА-ми я член-корреспондент **Махъсидэ Анатолэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 17- 18 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-5-кIэ зихъуэжынущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 29,** *тхьэмахуэ*

♦**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ партизанхэмрэ тылым щэхуу щылэжьахэмрэ я махуэр**

♦**Кхъухь зыухуэм и махуэщ**

♦**1947 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Балъкъэр Юрэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 18 -19 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 30,** *блыщхьэ*

♦**Парламентаризмэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Астероидым и дунейпсо махуэщ**

♦**1908 гъэм** Бахъсэн, Дзэлыкъуэ мэкъумэшыщIэхэм зыкъаIэтащ.

♦**1891 гъэм** къалъхуащ шыхъуэ цIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Щоджэн ТIэлашэ**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ Канадэм щыщ профессор, адыгэбзэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, нарт эпосым тетхыхьа **Коларуссо Джон**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ Аруан муниципальнэ щIыналъэм къыщыдэкI «Маяк» жылагъуэ-политикэ газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **КIасэ Валерэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градуси 18 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**МащIэр фIыщIэ зымыщIым куэдри фIыщIэ ищIынукъым.**

# Сабийхэм ирагъащIэ, балигъхэм ягу къагъэкIыж

***Налшык ЩIалэгъуалэм я унэм щекIуэкIащ «Шынагъуэншагъэр егъэфIэкIуэн» социальнэ Iуэху убгъуар зэрырагъажьэм теухуа зэIущIэ.***




КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫР ящыщщ Урысей МВД-м и Къэрал автоинспекцэм къыхилъхьа, мыхьэнэшхуэ зиIэ а лэжьыгъэр япэу дэзыIыгъахэм.

Ар хуэгъэпсащ федеральнэ IэнатIэхэм, экспертхэмрэ гъуэгум тетхэмрэ я къарур зэгъэуIуным, шынагъуэншагъэмрэ хабзэм тету зекIуэнымрэ егъэфIэкIуэным. Дызэрыт илъэсым и щэкIуэгъуэ мазэр хиубыдэу екIуэкIыну проектым къэралым и щIыналъэ 40 къызэщIиубыдэнущ лъэсырызекIуэхэм гъуэгум фэбжь щагъуэтыныр гъэмэщIэным пыщIауэ.

Пресс-конференцым хэтахэр тепсэлъыхьащ гъуэгухэм шынагъуэнагъэр къыщызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ къыхалъхьэхэр сэбэп зэрыхъунум.

КъБР-м щыIэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм и управленэм и унафэщIым и къуэдзэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и подполковник Лыджыдэ Рэмэзан къыхигъэщащ «Шынагъуэншагъэр егъэфIэкIуэн» проектым мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

– ЛъэсырызекIуэхэм къафIэмыIуэхуу гъуэгу хабзэм зэребакъуэр нэхъыбэу пыщIащ зыхэхуэнкIэ хъуну шынагъуэр нэсу къазэрыгурымыIуэм. Гъуэгухэм ехьэлIа хабзэхэм тэмэму тетхэм езыхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ къудейкъым, атIэ гъуэгурыкIуэ щIэблэщIэр зэрызекIуапхъэми щапхъэ хуохъу. Мы кампанием сабийхэр иригъэсэнущ гъуэгухэм зэрыщызекIуэн хуей щIыкIэм, балигъхэм ягу къигъэкIыжынущ а хабзэр. Си фIэщ мэхъу мы проектыр щIыналъэ псоми къагъэсэбэп профилактикэ Iуэхухэм я зы Iыхьэ зэрыхъунур, ди цIыхухэм я гъащIэрэ узыншагъэу нэхъыбэ зэрытхъумэфынур. Республикэм и къэрал автоинспекцэм хузэфIэкI псори ищIэнущ, абы теухуа я мурадхэр пхыгъэкIыным ехьэлIауэ.

КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэт жиIащ къытщIэхъуэ щIэблэр зэрыдгъасэм гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэнри и лъабжьэу зэрыщытыр.

– Дэ къызэдгъэпэщащ щIалэгъуалэ центрхэр зыхэт гуп. Зэтеублауэ абыхэм щыдогъэкIуэкI гъуэгухэм зэрызыщаIыгъыпхъэм хуэзыгъасэ Iуэхухэр. Гъэмахуэм жыджэру дадолажьэ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм. Мы гъэ зыгъэпсэхугъуэм абы къызэщIиубыдэнущ сабий мини 8,5-м нэблагъэ. Сменэ къэс вожатэ гупхэр къахуокIуэри, гъуэгухэм зэрыщызекIуапхъэм теухуа программэ зыубгъуахэр драгъэкIуэкI. Дин лэжьакIуэхэми а унэтIыныгъэм ехьэлIа лэжьыгъэ драгъэкIуэкI къахуэкIуэхэм. Мыхьэнэшхуэ зиIэщ ныбжьыщIэхэм къагурыIуэн, дихьэхын хуэдэу а лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным. Къапщтэмэ, Къэрал автоинспекцэм щIыгъуу дгъэхьэзыра роликым соцсетхэм щеплъащ мин 20-м щIигъу. Муниципальнэ щIалэгъуалэ центрхэр къыддоIэпыкъу гъэсэныгъэ Iуэхухэр паркхэмрэ цIыху куэд щызэхуэс нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ къыщызэгъэпэщынымкIэ.

КъытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэным теухуа псалъэмакъым къыпищащ КъБР-м Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Бэдракъ Iэминэ.

– Мыхьэнэшхуэ иIэщ шынагъуэншагъэм и хабзэхэм тетыныр сабийхэм пасэу яхэлъхьэным, ахэр къызэпаудмэ зыхэхуэнкIэ хъунур зыхащIэныр икIи абы гъуэгу-транспорт щIэщхъуу къэхъур игъэмэщIэнущ. Нобэ ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ гъуэгум зэрыщызекIуапхъэмрэ абы зэрызыщыIыгъын хуеймрэ дытепсэлъыхьыным. Ар ехьэлIащ адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм, тренерхэм - ныбжьыщIэхэр зи нэIэ щIэт псоми.

Псалъэмакъым къыхыхьащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор.

– Захъуэжащ сабийхэм, унагъуэм илъ хабзэхэм. ЦIыхум и хьэл-щэныр зэтеувэныр, ар зыхуэдэнур елъытащ щапхъэ зытрихым. Иджырей щIэблэм лъэныкъуэ гуэрхэмкIэ я адэ-анэхэм нэхърэ нэхъ заужьащ, ауэ абыхэм нэхъыжьхэм къыжраIэхэр я фIэщ зыщIын хуейщ. Абы къыхэкIыу егъэджэныгъэр зэрекIуэкIыр, яхэтлъхьэну дызыхущIэкъур зэтхъуэкIын хуейщ. ЩытыкIэр гугъущ жысIэнкъым. Ди сабийхэр нэхъыбэм хабзэм тетщ, нэхъыжьхэм елъытауэ икIи гъуэгухэми ахэр къыщызэпамыудыным яужь итщ. Аращи, гъуэгухэм зэрыщысакъыпхъэр сабийм щыхалъхьэн хуейщ школым ипэ ит Iуэхущ IапIэхэм. АдэкIэ а лэжьыгъэм школым щыпыщапхъэщ. Мыбдежым ехъулIэныгъэ иIэу зыкъыщагъэлъагъуэ инспектор ныбжьыщIэхэм я зэщIэхъееныгъэм.

Шынагъуэншагъэм и гугъу пщIын папщIэ утепсэлъыхьын хуейщ гъуэгухэм я щытыкIэр зыхуэдэм. Абы и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIам, адэкIэ я мурадхэм триухуащ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ахъуэхъу Алий и къэпсэлъэныгъэр.

– Дэ абы теухуауэ лэжьыгъэшхуэ идогъэкIуэкI, лъэныкъуэ куэд къызэщIиубыдэу: гъуэгушхуэхэр зэпэщ дощI, ахэр къыдогъэнэху, лъэс зекIуапIэхэм долэжь, дамыгъэхэр догъэув, сыт и лъэныкъуэкIи псори зэIузэпэщ зэрытщIыным яужь дитщ. Иджырей мардэм къриубыдэу зыхуей хуэдгъэзащ лъэс зэпрыкIыпIэ 1400-м щIигъу, абыхэм ящыщу 394-р еджапIэхэм хуозэ. Къыхэзгъэщынщи, дэ яужь дитщ проекционнэ лъэс зэпрыкIыпIэхэр диIэным. Апхуэдэхэр жэщым щыплъагъунущ метри 100-150-кIэ уапэжыжьэми, къызэрыгуэкIым метр 50 иIэжу гу лъыптэу аращ.

Зэтеублауэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэм фIыуэ кърикIуэри нэрылъагъущ. ХэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хъуащ блэкIа мази 5-м лъэс зэпрыкIыпIэхэм деж къыщыхъуа зэжьэхэуэхэр. Илъэс кIуам и апхуэдэ зэманым еплъытмэ, хэкIуадэхэр процент 70-кIэ ехащ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам пищащ а псалъэмакъым.

- Гъуэгу-транспорт зэжьэхэуэм я гугъу пщIымэ, ди IэнатIэр зрихьэлIэр абы кърикIуахэрщ. Абыхэм хэхуауэ хэкIуэдахэм я процент 50-м щIигъур сымэджэщым нэмысу дунейм йохыж. Апхуэдэ щытыкIэ хьэлъэ ихуа плIым щыщу зыр къебгъэлыфынущ, авариер къыщыхъуам деж япэ дэIэпыкъуныгъэр и чэзум щыпхуетмэ. Абы и лъэныкъуэкIэ Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэм мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI. Къапщтэмэ, МЧС-р дэщIыгъуу курсхэр ирагъэкIуэкI хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм, егъэджакIуэхэм, инструкторхэм къызэрыгуэкI цIыхухэм папщIэ. КъинэмыщIауэ, 2021 гъэм щегъэжьауэ ди перинатальнэ центрым щагъэзащIэ анэ хъунухэм папщIэ программэ щхьэпэ. Ахэр хуагъасэ цIыхур транспортым щисым деж зэримыдзэу зыIыгъ IэмэпсымэхэрVкъызэрагъэсэбэпым, ягу къагъэкIыж сабийр гъуэгухэм зэрыщызекIуапхъэмрэ уэрамхэм зэрызэпрыкIыпхъэ хабзэхэмрэ. Илъэс кIуам щыщIэдзауэ дэ дыхэтщ япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырат щIыкIэр къэзыпщытэ икIи ар езыгъэфIакIуэ, ведомствэхэм я зэдай лэжьакIуэ гупым.

Iуэху щхьэпэм и кIэухыу къэпсэлъащ «Шынагъуэншагъэр егъэфIэкIуэн» социальнэ кампание» проектым и эксперт Корецкий Александр.

– Псоми къывгуроIуэ гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным гугъуехьхэр зэрыпыщIар икIи ар зэфIэтхын хуейщ дызэщIыгъуу. Мыпхуэдэ щытыкIэм иту проектыр зэредгъэкIуэкI илъэси 10-м тепщIыхьмэ, авариехэмрэ абыхэм хэ- кIуадэхэмрэ я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. Дызэрыт илъэсым мы Iуэхум нэхъри зиубгъунущ. Абы къызэщIиубыдэнущ цIыху мин 300-м щIигъу - ахэр нэху зыдз хьэпшыпхэр зратынухэм я закъуэщ икIи апхуэдэхэр зыIэрыхьэхэм ди чэнджэщэгъухэм зыпащIэфынущ. Апхуэдэуи СМИ-м къытехуэну тхыгъэхэм, радиом къитынухэм куэд къызэщIаубыдэнущ. Гъуэгум хуиту щызекIуэхэм я нэхъыбэр лъэсызекIуэрщ. Пэжыр жысIэнщи, абыхэм уазэреущиен, зэрыщытын хуейр зэрагурыбгъэIуэн Iэмалхэр куэд хъуркъым. Аращи, мыпхуэдэ социальнэ Iуэхухэр Iэмэпсымэ нэхъыфIщ сакъыным къыхуебджэнымкIэ.

*Зыгъэхьэзырар* **УАРДЭ Жантинэщ**.

# Зи гупсысэкIэр куэдым къащхьэщыкI

**Дифl догъэлъапlэ**

**Психологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хъурей Леоренэ мэкъуауэгъуэм и 25-м илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъур КъБКъУ-м и социально-гуманитар институтым инджылызыбзэмкIэ и кафедрэм щагъэлъэпIащ. Абы ирихьэлIэу, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Борэн Мадинэ къызэригъэпэща икIи иригъэкIуэкIа пшыхьым ирагъэблэгъащ университетым и егъэджакIуэхэр, студентхэр, аспирантхэр.**





ФИЛОЛОГИЕ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м инджылызыбзэмкIэ и егъэджакIуэ Чым Рашад къыхигъэщащ зыдеджа икIи и лэжьэгъу Леоренэ сыт хуэдэ къулыкъу пэрытами пагагъэр зэи къызэрытемыкIуар, Кавказ Ищхъэрэм и диссертацэ советхэмрэ экзаменхэр къэзыпщытэхэмрэ зэпымыуууэ зэрахэтар, абы и пщIэр езым и цIыхугъэкIэ къызэрилэжьыжар, зи щIэныгъэкIи, теплъэкIи, хьэл-щэнкIи, дуней тетыкIэкIи удэзыхьэх цIыхубзым и гъащIэр щIалэгъуалэм, бзылъхугъэхэм зэращапхъэр, ар шыпхъу нэхъыжьу фIэкIа къызэримылъытэр.

Хъурей Леоренэ итхащ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, методикэ лэжьыгъи 132-м щIигъу. Абы щыщу къыдигъэкIащ и щIэныгъэ къэхутэныгъэ лэжьыгъи 100-м нэблагъэ. Инджылызыбзэр иригъэджми, и Iэдакъэ къыщIэкIащ лъэпкъыбзэхэм я мыхьэнэм, ахэр зэрырагъэджынум теухуа тхыгъэ зыбжанэ, хамэбзэ зрагъэщIэн папщIэ цIыхухэр зэрыгупсысэ я анэдэлъхубзэр фIыуэ ящIэн, нэгъуэщI лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыжынкIэ зэрыхъунум пэщIэтын зэрыхуейр къилъытэу.

И студентхэмрэ аспирантхэмрэ бгъэдыхьэкIэ къахуэзыгъуэтыф унэтIакIуэу, чэнджэщэгъу Iущу зыкъэзыгъэлъэгъуа егъэджакIуэр абыхэм я щапхъэщ. ЩIэныгъэ къэхутэныгъэхэм я унафэщI Леоренэ зыпэрыт лэжьыгъэм зэрыхуэпэжым, а IэнатIэм къызэрыхуигъэщIам и щыхьэтщ абы и унафэм щIэту аспирантиблым я кандидат лэжьыгъэхэр зэрыпхагъэкIар. Ар къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу, и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа, 1980 - 2025 гъэхэм и Iэдакъэ къыщIэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр, и гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэса тхылъ КъБКъУ-м и библиотекэм и лэжьакIуэ Тхьэзэплъ Жаннэ къыдигъэкIыжащ.

Къэралым и щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ IэнатIэхэм илъэс щэ ныкъуэм щIигъуауэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщI профессорым и лэжьэгъухэмрэ и студентхэмрэ я пщIэ къилэжьащ. Леоренэ ахэр къехъуэхъуащ нобэ хуэдэу дунейр фIэщIэщыгъуэу, узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ иIэу псэуну. КъинэмыщIауэ, Леоренэ и лэжьэгъухэм, и ныбжьэгъухэм, иригъэджахэм къыхуагъэхьащ хъуэхъу гуапэхэр.

- Нэхъыщхьэу Леоренэ зытелажьэр инджылызыбзэр зэрырагъэдж методикэрщ, психолингвистикэрщ. Адыгэбзэр джыным, анэдэлъхубзэр хъума хъуным теухуа лэжьыгъэ зыбжани итхащ. И гупсысэкIэкIи, и Iуэху еплъыкIэкIи ар нэгъуэщIхэм къазэрыщхьэщыкIым гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым. ЩIэныгъэм, гъэсэныгъэм, бзэр хъумэным теухуа и дерсхэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ. Иджыблагъэ Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Диалог с собой и с другими» и тхылъри купщIафIэщ. Абы дыкъыхуреджэ пэжыгъэм, ди гум къабзагъэрэ дахагъэрэ илъу дыпсэуну. Леоренэ и псалъэри, и IуэхущIафэхэри зэтохуэ. И лэжьэгъухэмрэ аспирантхэмрэ къабгъэдэкIыу си егъэджакIуэу щыта Леоренэ зыхузогъазэ гупсэхугъуэрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэу, насыпрэ дахагъэкIэ гъэнщIауэ, узыншагъэ и бэу илъэсищэ гъащIэ къигъэщIэну! - жеIэ Борэн Мадинэ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ филологие щIэныгъэхэмкIэ докторхэу, профессорхэу Аликаев Рашидрэ Кучуковэ Зухрарэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу Муриазовэ Зурьят, Дзасэжь Ларисэ, Ахъуэхъу Еленэ, СГИ-м и унафэщIым егъэджэныгъэмкIэ и къуэдзэ Геграев Хьэким, ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ щэнхабзэ центрым и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Езауэ Мадинэ, КъБКъУ-м и Ветеранхэм я советым и унафэщI Шурдым Хьэсэн сымэ.

Леоренэрэ и дэлъху Хъурей Феликсрэ фIыщIэ хуащIащ пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ, псалъэ гуапэхэмрэ хъуэхъухэмрэ къыхужызыIахэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ**.

## Мэкъуауэгъуэм и 28-р Урысей щIалэгъуалэм я махуэщ

# ЩIэблэхэр, лъэпкъхэр, щIыналъэхэр



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**Ди къэралым илъэс куэд лъандэрэ щагъэлъапIэ ЩIалэгъуалэм я махуэр. МахуэщIым и тхыдэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэр хыболъагъуэ. Совет къэралыгъуэр къыщыунэхуагъащIэ илъэсхэм къыщыщIэдзауэ Хэку зауэшхуэр иухыхункIэ, ар ягъэлъапIэу щытащ шыщхьэуIум и иужьрей тхьэмахуэ махуэм, «НыбжьыщIэхэм я дунейпсо махуэ» фIэщыгъэр иIэу. А махуэщIым ирихьэлIэу зи щIалэгъуэхэр хущIэкъурт зыпэрыт IэнатIэм ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрагъэхьэну, гуащIэдэкI лэжьыгъэм къыщыхэжаныкIыну. Абы и щапхъэ цIэрыIуэхэм ящыщщ шахтёр щIалэщIэ Стаханов Алексей 1935 гъэм НыбжьыщIэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу фIамыщI къыщIэхынымкIэ игъэувауэ щыта рекордыр. А къэхъукъащIэ хьэлэмэтым и тхыдэ нэщэнэу бзэм къыхыхьауэ щытащ «стахановец» псалъэри.**

КЪЫКIЭЛЪЫКIУЭ илъэсхэм щIалэгъуалэм я махуэр щаIэтым махуэгъэпсым зэхъуэкIыныгъэхэр щигъуэтурэ къекIуэкIащ. 2023 гъэм и накъыгъэм УФ-м и Президентым къыдигъэкIа къэрал унафэм ипкъ иткIэ, махуэшхуэр гъэлъэпIэныр траухуащ мэкъуауэгъуэм и иужьрей щэбэтым. Мы гъэм илъэс ещанэ мэхъури, абы дытету догъэлъапIэ Урысей щIалэгъуалэм я махуэр.

Сыт хуэдэ зэмани ди къэралым гулъытэшхуэ хуещI щIалэгъуалэм, ар иригъэкIуэкI политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм хилъытэу. НэгъуэщIуи хъунукъым, сыту жыпIэмэ жылагъуэм щыщу щIалэгъуалэр къаруушхуэрэ жыджэрагъэрэ зыхэлъ Iыхьэшхуэщи, жэрдэмыщIэхэмрэ Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ я къигъэхъуапIэщи, зыужьыныгъэм и джэлэс нэхъыщхьэхэм ящыщщи. КъызэрыгуэкI ныбжьыщIэу къытщыхъум нобэ бгъэдэтлъхьэ гъэсэныгъэмрэ едгъэгъуэт щIэныгъэмрэ куэдкIэ елъытащ ди къэралым и къэкIуэнур зыхуэдэнур.

Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм игъэува дунейпсо мардэхэм ятепщIыхьмэ, зи щIалэгъуэхэм хабжэ зи ныбжьыр илъэс 24-м нэмысахэр. Ди къэралым апхуэдэхэм халъытэ илъэс 14 - 35-м итхэр. Абыхэм папщIэ къэрал программэ хэхахэр, лъэпкъ проектхэр мэлажьэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ зэхыхьэхэр, социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр къызэрагъэпэщ.

Зи щIалэгъуэхэм я жыджэрагъым, зэхэщIыкIым, гупсысэм нэхъри зегъэужьыным хуэгъэпса лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI ди республикэми. ЩIыналъэ, щIыпIэ администрацэхэм хэхауэ щолэжь а Iуэхугъуэхэм. 2022 гъэм и накъыгъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ и министерствэ щхьэхуэ (министрыр Лу Азэмэтщ). Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щынэхъ инхэм халъытэу, куэд щIакъым Налшык ЩIалэгъуалэм я унэ къызэрыщызэIуахрэ. «Зи щIалэгъуэхэм я щIыналъэ» федеральнэ проектым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ къызэрагъэпэща IуэхущIапIэм хэтщ творческэ мастерской зэмылIэужьыгъуэхэр, щолажьэ тхыдэ, хэкупсэ клубхэр, зэпсэлъапIэрэ зэIущIапIэуи куэд иIэщ. Ди республикэм зи щIалэгъуэу исхэм папщIэ зи бжэр хуиту зэIуха а жылагъуэ фондым йокIуалIэ зи еплъыкIэхэмрэ гупсысэхэмрэ къэзыгъэнэIуэну хуейхэр, зи проектхэмрэ нэгъуэщI творческэ лэжьыгъэхэмрэ утыкухэм изыхьэу пхызыгъэкIыну хущIэкъухэр. Шэч хэмылъу, а псори хуэгъэпсащ гупсысэ узыншэ зиIэ щIалэгъуалэм гъуэгу етыным, ди щIыналъэм, къэралым зыужьыныгъэрэ зэпэщыныгъэрэ яIэным.

ИпэкIэ зэи къэмыхъуауэ, Урысей щIалэгъуалэм я махуэр гъэлъэпIэным мы гъэм жыджэру хэтщ къэралым и щIыналъэ псори, ар Iэтыным дэтхэнэми и Iыхьэ хилъхьэу. Ди республикэр къапщтэмэ, «ЗэгъащIэ. ФIыуэ лъагъу. Ирипагэ. Хэгъахъуэ» урысейпсо махуэшхуэ къыхуеджэныгъэм щIэту, Налшыки щIыналъэм хиубыдэ адрей къалэшхуэхэми нобэ къыщызэрагъэпэщ а унэтIыныгъэхэм хуэкIуэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр, гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэтхэр, мастер-класс гъэщIэгъуэнхэр. Апхуэдэхэщ, къэбгъэлъагъуэмэ, IT-технологиехэмрэ робототехникэмкIэ, «Таврида. Арт», «Дэ дызэгъусэщ» гъэлъэгъуэныгъэхэр, «Сэ Урысейр соцIыху» джэгу-зэпеуэр, «Лъагъуэ къудей мыхъуу...» фIэщыгъэр зиIэ, ТуризмэмкIэ щIалэгъуалэ школым и дерсхэр, «Лъэпкъ щэнхабзэхэм я зэблэкIыпIэ», «Кавказым и уэрамхэр» щэнхабзэ фестивалхэр, «Микрофон хуит», «Зэныбжьэгъугъэм и дунейпсо клуб» зэIущIапIэхэр, «ЩIыналъэр зэрыгушхуэхэр», «Сэ сыунэтIакIуэщ» зэхуэсхэр, «Урысейм и къарур» дзэ-спорт джэгур, «Налшык зауэ щIыхьым и къалэщ» фэеплъ зэхыхьэр, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри.

ЩIэблэхэр, лъэпкъхэр, щIыналъэхэр зэкъуэзыгъэувэщ нобэ, мэкъуауэгъуэм и 28-м, ди къэралым щыдгъэлъапIэ махуэщIыр. Зи щIалэгъуэхэм ябгъэдэлъ гупсысэхэр фIым, зыужьыныгъэм, лъэпкъхэм игъащIэ лъандэрэ къыддекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным хуэгъэпсауэ щытыным адэкIи щыпащэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми. Къэрал унафэщIхэм, дэ, нэхъыжьхэм, ди къалэнщ къытщIэхъуэ щIэблэм, щIалэгъуалэм я гупсысэмрэ Iуэху зехьэкIэмрэ зезыгъэузэщI, фIымрэ пэжымрэ къыхуезыджэ гъуазэхэр наIуэ ящытщIыну, щапхъэу едгъэлъагъуну. Ахэр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр хьэкъщ.

Зи дуней тетыгъуэ ныбжьыщIэхэр фыкъыхузоджэ щIэх дыдэу блэлъэтыну щIалэгъуэ илъэсхэр зэрыхъукIэ купщIафIэу, Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкIэ гъэнщIауэ ефхьэкIыну. Иджыпсту фызэрыт зэманыр Iэмалищэхэмрэ хэкIыпIэ куэдрэ къыфхузэIузыхщи, фи зэфIэкIым, акъылым, щIэныгъэм, къарум зэрыхэвгъэхъуэным фыхущIэкъу. Зыхуэвгъэувыж къалэнышхуэхэр, ахэр зэрывгъэзэщIэнми ерыщу яужь фит. А псомкIи нобэ зыIэрывгъэхьэ ехъулIэныгъэхэр пщэдей гъащIэ гъуэмылэ фхуэхъунущ. Фытегушхуэ, фыкъимыкIуэт, ерыщагъ зыхэвгъэлъ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.*

# Анэбзэм и IэфIагъыр

**● Iуэху еплъыкIэ**

**Хэкупсэ нэсу дунейм тет зи щIалэгъуэхэм ящыщщ зи тхыгъэ фи пащхьэм итлъхьэну адыгэ бзылъхугъэ цIыкIур. Ар Шэт (Къармэ) Миланэщ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ щIэблэм егъэджын IэщIагъэр зригъэгъуэтауэ щолажьэ Налшык дэт гимназие №1-м. ЦIыхубз жыджэрыр апхуэдэуи ягъэуващ школым и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэу. Нобэ Миланэ ди газетеджэхэм ядогуашэ и анэдэлъхубзэм хуиIэ гурыщIэ къабзэм теухуа гупсысэхэмкIэ**:

*«Адыгэбзэр сыт щIэдджынур,*
*Зыдынэсыр КъалэкIыхьырщ», -*
*Ар ауану Iэджэм жаIэр,*
*Мышыу псалъэм тIэкIу хэчыхьу.*
*Щызэхэсхкlэ сэ а псалъэр*
*А гушыIэр сигу темыхуэ.*
*Станцым нэскIэ унигъэсмэ,*
*Ар бзэм дежкIэ уфIэмащIэ? ...*

КIыщокъуэ Алим и «Гъуэгу къежьапIэ» усэм щыщ мы сатырхэр си гум илъ зэпытщ. Уи анэдэлъхубзэр зумыпэсмэ, зумыгъащIэмэ, укъэзылъхуа уи анэр, укъызыхэкIа уи лъэпкъыр фIыуэ умылъагъуу аракъэ абы къикIыр? НтIэ, апхуэдэхэр сэ сфIэтхьэмыщкIэщ.

Къалэм сыкъыщыхъуами, сыкъэзыцIыхухэм ягъэщIагъуэу, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэу сылэжьэну сыхъуапсэу, КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм илъэсихкIэ сыщеджащ. ИкIи къызэхъулIащ си хъуэпсапIэр. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъуэтри, фIыуэ слъагъу, къэзуха си школым адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэу згъэзэжауэ сыщолажьэ илъэс ещанэ хъуауэ. СрогуфIэ икIи срогушхуэ абы.

СызэрыцIыкIурэ си анэдэлъхубзэр фIыуэ слъагъурт, сыдихьэхырт. Бзэм ехьэлIа зэпеуэхэми зыри блэзмыгъэкIыу сыхэтт икIи япэ увыпIэхэр къыщысхьырт. Сехъуапсэрт си бзэр фIыуэ зэзгъащIэу ар адрейхэми нэхъыфIу езгъэлъагъуну, къалэдэс сабийхэр абы дезгъэхьэхыу, я анэдэлъхубзэмкIэ хуиту псалъэу езгъэсэну.

Университетым сыщыщIэсым егъэджакIуэу сиIа Къардэн Мусадин къысхуигъэфэщауэ щытащ адыгэбзэ зэзыгъащIэ сабийхэм папщIэ ягъэхьэзырауэ щыта «Кавказ Ищхъэрэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэм я инновацэ проектхэр» зэпеуэм сыхэтыну. СфIэфIу, си гуапэу абыи иужь сихьащ. ЕхъулIэныгъэхэри дыщиIауэ щытащ а Iуэхум: щIыналъэпсо зэпеуэм етIуанэ увыпIэр къыщысхьат, фIыщIэ тхылъи къытхуагъэфэщат. Иджыпстуи ди еджапIэм щолажьэ а Iуэхухэм елэжь гуащэ театр гупжьейр. Абы сабийхэр яфIэфIу йокIуалIэ. ГуащэхэмкIэ джэгуурэ адыгэбзэкIэ зопсалъэ. Езы цIыкIухэми ягу ирихьащи, нэхъыбэрэ дерсым щIэсыну гукъыдэж яIэщ. Зэпеуэхэр едгъэкIуэкIати, абыи дыщытекIуащ. ЦIыкIухэри абы тригъэгушхуащи, нэхъ псынщIэу бзэр зэрызрагъэщIэным хущIокъу.

Си щIэныгъэм адэкIи хэзгъэхъуэну сыщIохъуэпсри, Iэмал сиIэху, сокIуэ егъэджакIуэхэм я зэфIэкIым щыхагъахъуэ курсхэм. Лъэхъэнэ блэкIам сызрихьэлIа апхуэдэ еджэныгъэхэр хуабжьу щхьэпэ схуэхъуащ. Курсхэм щызэсха, щыгъуазэ сызыхуэхъуа Iуэху бгъэдыхьэкIэ пэрытхэм ящыщ куэд, зэзгъэгъуэта щIэныгъэщIэхэр иужькIэ си лэжьыгъэм къыщызгъэсэбэпащ, дэIэпыкъуэгъуи къысхуэхъуащ. Апхуэдэу гукъыдэж сиIэу сыхэтщ бзэмкIэ ди щIыпIэм щекIуэкI щIэныгъэ-практикэ семинархэм, сфIэфIщ лъэпкъ радиом садэлэжьэн.

Сабийхэм бзэр нэхъ тыншу зэрызрагъэщIэн Iэмал куэд щыIэщ мы зэманым, езыхэм ар дапхуэдэу щытынуми къыхахыну хуитыныгъи яIэщ. Сэри дяпэкIи схузэфIэкIымкIэ сабийхэм садэIэпыкъунущ, я анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъуу, ар нэхъ кууэ яджыным хущIэкъуу, гъащIэм щащымыгъупщэу къадекIуэкIыфын папщIэ. ЗэрытщIэщи, къыбдалъхуа бзэм нэхърэ нэхъ IэфIу щыIэр ар къыпIурызылъхьа анэм и закъуэщ».

*Зыгъэхьэзырар*
**ТАМБИЙ Линэщ.**



● «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр

# Журналистикэм зыщагъэгъуазэ

*КъБКъУ-мрэ «КъБР-Медиа» Iуэхущ|апIэмрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм тету пIалъэ-пIалъэкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм къокIуэ университетым и Социально-гуманитар институтым Адыгэ филологиемкIэ и къудамэр къэзыух щIалэгъуалэр. ТхьэмахуитIым къриубыдэу абыхэм зыщагъэгъуазэ редакцэм и лэжьыгъэм, газетыр зэрагъэхьэзырым, апхуэдэуи зэрагъэащIэ корректорхэм, редакторхэм, корреспондентхэм я пщэрылъхэр.*

*Мы махуэхэм ди хьэщIэщ, «ди лэжьэгъуэщ» Адыгэ филологиемкIэ къудамэм и магистратурэм и 1-нэ курсыр къэзыух пщащэхэмрэ щIалэмрэ. ЩIалэр Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ящыщщ, хэкум къэкIуэжри, щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ, унагъуэу тIысыжащ, адыгэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщI пшынауэ Iэзэщ - Чылар Нэсрэнщ. Абы и курсэгъу пщащэхэу Ахъумашэ Аидэ, Гуанэ Аидэ, Думэн Дианэ, Емкъуж Элинэ, Къагъырмэс Дианэ, Къуэдз Маринэ, Молэ Миланэ, Уэрсей Мадинэ, ЛIыгуащIэ Зарянэ, Ян Лианэ сымэ жэуаплыныгъэ ин яхэлъу бгъэдыхьащ лэжьыгъэм и пIалъэр къащIэным икIи дэтхэнэ зыми тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр игъэхьэзыращ. Мы напэкIуэцIым итхэм нэмыщI, дяпэкIи къытехуэнущ ди гъэсэнхэм я лэжьыгъэхэр. КъБКъУ-м и егъэджакIуэ пажэхэу, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу, доцентхэу Езауэ Мадинэрэ Шыгъушэ Джульеттэрэ студентхэм къыщащIа къалэнхэр екIурэ-ещхьу гъэзэщIа щохъу редакцэм. Ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ абыхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр.*

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
*АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист.*

# КуэдкIэ щапхъэт



**ЦIыхум и цIэр жаIэху псэущ, жаIэ. Пасэу дунейм ехыжами, лъэужь дахэ дунейм къытринащ Джэрмэншык Хьэжмурат Дулыхь и къуэм. Абы къыдэкIуэтей щIэблэр гъэсэным, егъэджэным, я Iэпкълъэпкъыр псыхьыным, спортым дегъэхьэхыным гуащIэшхуэ хилъхьащ. Уеблэмэ, и гъэсэн куэдым езым щапхъэ трахри, и лъагъуэм ирикIуауэ, ехъулIэныгъэфIхэр яIэу нобэ егъэджакIуэу мэлажьэ.**

ДЖЭРМЭНШЫК Хьэжмурат 1950 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м Курп Ипщэ (Инарыкъуей) къуажэм къыщалъхуащ. И лэжьыгъэр Мэздэгу щIыналъэм щыIэ курыт еджапIэм къыщыщIидзащ, иужькIэ Инарыкъуей дэт курыт еджапIэм тхыдэмкIэ егъэджакIуэу къигъэзэжащ. Илъэс 12-кIэ лэжьауэ, еджапIэм и унафэщI къулыкъур къыхуагъэфащэри, жэуаплыныгъэ ин хэлъу а IэнатIэм пэрытащ. Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэр, гупыр къызэрызэщIигъэIуэфыр, и къалэн нэхъыщхьэхэр зыхуей хуэзэу зэрызэфIигъэкIыры къалъытэри, 1992 гъэм Инарыкъуей къуажэ администрацэм и тхьэмадэу ягъэуващ. Къуажэдэсхэр къыхуэарэзыуэ, жылэм зэрызригъэужьыным иужь иту лэжьащ ар а илъэсхэм.

2006 гъэм езыр щеджа курыт еджапIэм физическэ щэнхабзэмкIэ гъэсакIуэу егъэзэж. Абы егъэджэныгъэмрэ спортымрэ хуищIа хэлъхьэныгъэр цIыхум и IэщIагъэм хуиIэн хуей лъагъуныгъэм и щапхъэфIщ. Хьэжмурат сыт щыгъуи къыхигъэщырт щIэблэм щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэн, я Iэпкълъэпкъыр псыхьын зэрыхуейр. Абы егъэджакIуэм, гъэсакIуэм, цIыху нэсым я щэн нэхъыщхьэхэр хэлът. Аращ апхуэдэ лъагапIэхэм щIынэсыфари, цIыхухэм фIыкIэ ягу къыщIинари.

Джэрмэншыкым и нэIэ тригъэтт зыщыщ щIыналъэм волейболым зэрызыщиужьыным. Абы и гъэсэнхэм мызэмытIэу куейми республикэми япэ увыпIэхэр къыщахьащ. Дерсхэр щригъэкIуэкIкIэ, утыку ит дэтхэнэ ныбжьыщIэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуигъуэтырт. ЕджакIуэ къэс я къэухьыр илъагъурти, ар нэхъ ин, нэхъыфI зэрищIыным хущIэкъурт. Сабийр тригъэгушхуэурэ, лъэмыкIыну къыщыхъухэри зыIэригъэхьэфу иригъасэрт.

Апхуэдэу Хьэжмурат утыку иришэ щIалэгъуалэм пашэ хъуауэ къагъэзэжырт. Абы и еджакIуэхэр Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ хуигъасэ къудейтэкъым, атIэ ахэр зы гупу, текIуэныгъэм хущIэкъуу, я хьэрхуэрэгъухэм пщIэ хуащIу зэрыщытыным хуиущийрт.

Хьэжмурат и щэн нэхъыфIхэм ящыщт цIыхур зэригъэгушхуэфыр, хабзэм, нэмысым зэрыхуигъасэр. Абы и дерсхэр спортым и закъуэтэкъым зыхухэхар, атIэ щIалэгъуалэм дуней еплъыкIэ захуэрэ дуней тетыкIэ екIурэ яIэным телажьэрт.

Джэрмэншыкым волейболымкIэ зэхьэзэхуэхэр къызэригъэпэщырт, абыкIэ щIэблэр спортым дригъэхьэхыу. Абы жиIэрт спортыр зэпеуэ къудейуэ зэрыщымытыр, абы щIэблэм ныбжьэгъу къызэрыщагъуэтыр, я узыншагъэр зэрырагъэфIакIуэр.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Джэрмэншык Хьэжмурат пасэу дунейм ехыжащ. Ар зыцIыхуахэм, иригъэджахэм, къыдэлэжьахэм зэи ящыгъупщэнукъым лIы щыпкъэм и дуней тетыкIэр, Iуэхущ|афэу иIар.

Хьэжмурат и цIэр лIыгъэмрэ пэжыгъэмрэ, цIыхугъэмрэ гу къабзагъэмрэ я нэщэнэу къахуэнащ ар зыцIыхуа псоми.

**УЭРСЕЙ Мадинэ.**








# Си къежьапIэр

**ЦIыхум фIыуэ илъагъу, къызыхуигъэщIа IэщIагъэр занщIэу къыхихыфмэ, и гъащIэм и ныкъуэр къехъулIауэ жыпIэ хъунущ. Си щхьэкIэ, щIэныгъэ зэзгъэгъуэтамрэ сызыпэрыува IэнатIэмкIэ сыщымыуауэ къысщохъу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, цIыхум и къежьапIэм лъабжьэ иIэщ, ар уи тегъэщIапIэу уи гъащIэ гъуэгуанэр хэпшмэ, ехъулIэныгъи уиIэну къызолъытэ.**

СИ къежьапIэм и гугъу пщIымэ, егъэджакIуэ унагъуэм сыкъыщыхъуащ. А IэщIагъэр къыхэсхыну сыхуейуэ си анэм щыжесIэм: «ЕгъэджакIуэу улэжьэн щхьэкIэ, дэтхэнэ зы сабийри гурэ псэкIэ зыхэпщIэу щытын хуейщ, Дианэ» - къызжиIат.

Си анэ Къагъырмэс Анетэ езыр илъэс 29-рэ хъуауэ егъэджакIуэу мэлажьэ. Абы имыщIэмэ, хэт ищIэнт егъэджакIуэ IэщIагъэр зищIысыр?! Апхуэдиз илъэс бжыгъэ хъуауэ си анэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щIэблэм ярегъэдж. Щапхъэу къэсхьыну сыхуейт урыс тхакIуэшхуэ Толстой Лев и псалъэхэр: «ЕгъэджакIуэм и гъащIэм еджакIуэхэмрэ и IэщIагъэм хуиIэ фIылъагъуныгъэмрэ щызэпхамэ, ар егъэджакIуэ нэсщ». Мы псалъэхэр си анэм хужыпIэ хъунущ. ЩIэныгъэ яригъэгъуэт къудей мыхъуу, щабэу, и гур зэIухауэ, сытым щыгъуи пэжым и телъхьэу, а хьэл-щэн дахэхэми сабийхэр хуигъасэу мэлажьэ. СыщыцIыкIум куэдрэ сегупсысырт: «Мы мамэ мыпхуэдиз зэман щхьэ ятригъэкIуадэрэ хамэ сабийхэм, дэракъэ нэхъапэр?». Жэуапыр зыщ: егъэджакIуэ гумызагъэр сабийм зэман куэд ятригъэкIуэдэнущ. Си анэр псэ хьэлэлу и IэщIагъэм зэрыпэрытым, егъэджакIуэ гуащIафIэу зэрыщым папщIэ министерствэхэм, департаментхэм, Налшык къалэ администрацэм къабгъэдэкI щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

СощIэж, си анэр иджыри щIалэ дыдэу, унэм къэкIуэжырти, си анэшхуэм - си адэм и анэ Нот Ксенэ Умар и пхъум (ари илъэс плIыщIрэ блыкIэ егъэджакIуэу лэжьащ) епсалъэу, ечэнджэщу, куэдрэ лэжьыгъэм тепсэлъыхьу щысхэт. Къыхэзгъэщыну сыхуейт си анэшхуэми адыгэбзэмкIэ иригъаджэу зэрыщытар. Си анэшхуэм жиIэжу зэхэсхыгъащ: «Перестройкэ лъэхъэнэм, къэралым и Iуэхухэри мыщIагъуащэу щыщыта зэманым еджакIуэхэм щыщ зы щIалэ цIыкIум и анэр къезджэн хуей хъуащ. И къуэм зэрызыщIригъэхыр, зэремыджэр щыжесIэм, цIыхубзыр къэпсэлъащ: «Ксенэ Умаровнэ, махуэ псом бэзэрым сытета нэужькIэ, унэ лэжьыгъэ езгъэщIыжынуи нэгъуэщIынуи зы къару сиIэкъым, мыпхуэдэу нэхъ тэмэмщ жыхуэпIэм хуэдэу си щIалэр гъасэ». Мис апхуэдэу адэ-анэм я дзыхь кърагъэзу, сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи я бынхэм я егъэджэныгъэкIи гъэсэныгъэкIи къыщыгугъыу лэжьащ си анэшхуэри.

Си анэмрэ си анэшхуэмрэ я гъусэу и гугъу сщIыну сыхуейт си анэдэлъху Быхъурэ Мухьэмэд. Мухьэмэди илъэс куэдкIэ щылэжьащ Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №7-м. Абыи адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэщ зэрыригъэджар. Иджыпстуи ди университетым къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и доцентщ, студентхэр ирегъаджэ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт, къалэм дыщыпсэуми, адыгэбзэр къытIурыщэщу дрипсалъэу си дэлъхуитIри сэри ди нэхъыжьхэм дыкъызэрагъэхъуар, адыгэбзэр хъумэн зэрыхуейм теухуа псалъэмакъым дызэрыщIапIыкIар.

Апхуэдэ къежьапIэ зиIэ, унагъуэ къыхэкIа сэри къыхэсхыну IэщIагъэм куэдрэ сегупсысакъым. Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №11-р къэзуха нэужь, КъБКъУ-м и Педагогикэ колледжым сыщIэтIысхьащ. Ар 2020 гъэм къэзухри, си щIэныгъэм адэкIи хэзгъахъуэмэ нэхъ къасщтэу, КъБКъУ-м, магистратурэм сыкIуащ, етIуанэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъуэтыну си хъуэпсапIэти, психолог IэщIагъэми сыхуеджэну сыщIэтIысхьащ.

Колледжыр къызэрызухыу, сэ сыщеджа еджапIэм пэщIэдзэ классхэр щезыгъэджэн къалъыхъуэрти, занщIэу сыкъащтащ. ИкъукIэ си гуапэу фIыуэ слъагъу си егъэджакIуэу щытахэм сахыхьащ. Щапхъэ зытепх хъун, щIэблэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным гурэ псэкIэ хуэлажьэ защIэщ си егъэджакIуэхэр, иджы си лэжьэгъухэр. Абыхэм уадэлэжьэныр насыпышхуэу къызолъытэ.

Бицу Анатолэ и усэхэм ящыщ зым щыжеIэ:

**Игъэлъ уигу быдэу уи къежьапIэхэр,**
**Ауэ уи гупэкIи гъуэгу пхыш!**
**Псым къегъуэтыж езым и жапIэхэр,**
**Нэсыху тенджызми емызэш.**

Усэми къызэрыхэщу, дэтхэнэ зы цIыхуми и къежьапIэр ищIэжу, ауэ и гупэкIи гъуэгу пхишу псэун хуейщ. Сэ егъэджакIуэ унагъуэм сыкъызэрыщыхъуам жэуаплыныгъэ нэхъыбэ къысхелъхьэ икIи сыщогуфIыкI си нэхъыжьхэм я IэнатIэм сэри сызэрыпэрыувэжам. Иджы си анэшхуэм иригъэджахэм я бынхэм я быныжхэр сэ изогъаджэ. Аращ, лIэужьыр бжьиблкIэ мауэ, жыхуаIэр. Си гугъэщ си нэхъыжьхэм я щапхъэр си гъуазэу, пхаша гъуэгур згъэбжьыфIэу сытетыфыну.

**КЪАГЪЫРМЭС Дианэ.**

# Гум къыбгъэдэкI усэхэр

**Зи бзэр фIыуэ зылъагъу цIыхум ар и сабиигъуэм щегъэжьауэ псэуху и псэм хэлъынущ. Бзэм хулъэкIынущ гухэлъ псори къуигъэIуэтэну, уи гупсысэмкIэ цIыхубэм удигъэгуэшэну. Си псалъэхэм щыхьэт тохъуэ зи псэр бзэм хупих Думэн Любэ ХьэматIэ и пхъур дэзыхьэх Iуэхур.**

ЛЮБЭ 1966 гъэм Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ. Абы зэрыцIыкIурэ и анэдэлъхубзэр зыпищI щыIэкъым, адыгэбзэр фIэфIу, дихьэхыу, ирипсалъэ къудей мыхъуу, усэхэри иритхыу апхуэдэщ. И ныбжьыр илъэс 11-м иту и Iэдакъэ къыщIэкIа «ЩIымахуэ» усэр «Ленин гъуэгу» газетым къытрадзауэ щытащ. Газетеджэхэр щыгуфIыкIат абы фIэкIа зимыныбжь сабийм адыгэбзэкIэ усэ зэритхым.

Курыт еджапIэм щIэсыху Любэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ дихьэхыу щытами, и гъащIэр зыпищIар нэгъуэщI IэщIагъэщ - есэпымкIэ егъэджакIуэрщ. Илъэс щэщIрэ щыкIэ пэрытащ ар а IэнатIэм, и лэжьыгъэм хуэпэжу. И зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр къэсу тIысыжами, иджыри мэлажьэ - еджакIуэхэр къэрал экзаменхэм хуегъэхьэзыр. Абы и еджакIуэхэр Дзэлыкъуэ щIыналъэм ехъулIэныгъэ инхэр зыIэрызыгъэхьауэ исхэм ящыщщ.

Сыт хуэдэ гъуэгу гъащIэм щыхимышамир, адыгэбзэр и псэм сыт щыгъуи хэлъащ Любэ, нобэр къыздэсми усэ тхыныр зэпигъэуакъым.

Думэн Любэ и усэхэм ящыщу «Зауэм и гуауэр мыужьыхыжщ» жыхуиIэм фыщызгъэгъуэзэнут. Мы гъэм илъэс 80 ирикъуащ ди къэралым Хэку зауэшхуэм къыщихьа ТекIуэныгъэр. Ар къэзэуныр тыншу зэрыщымытар, унагъуэ куэд зэригъэгуIар, мамырыгъэм папщIэ зи псэр зытахэм цIыхубэр зэрыхуэарэзыр арагъэнщ Любэ мы усэр езыгъэтхари.

### Зауэм и гуауэр мыужьыхыжщ

**Дэ Хэку зауэшхуэм дыхиубыдакъым,**
**Ар ди адэжьхэм я гукъэкIыжщ.**
**Зауэм и мафIэр ужьыхыжами,**
**Зауэм и гуауэр мыужьыхыжщ.**
**ИлъэсиплI енкIэ а мафIэ лыгъэм**
**Мелуан бжыгъэкIэ цIыхухэр хисхьащ,**
**Я хэкум папщIэ зэрахьэу лIыгъэ,**
**Блы къэс еянэр губгъуэм къинащ.**
**Унагъуэ закъуи къыпхуэгъуэтынкъым**
**А зауэм и жьыр зыщIимыхуа,**
**Ди текIуэныгъэр къазэун папщIэ**
**Я псэм щыщ Iыхьэ хэзымылъхьа.**
**Зауэ лъэхъэнэм нэпсу щIэкIахэр**
**Зэхэлъэдэжмэ, хъунущ тенджыз.**
**ЦIыхухэм бэлыхьу я фэм дэкIахэр**
**Игу къыщыкIыжкIэ, щIылъэр мэгыз.**
**ИгъащIэ псокIэ хэмыкIыжыну**
**Майм ибгъу махуэр тхыдэм хыхьащ.**
**Илъэс пщIей ныбжьым къриубыдэу**
**ГуфIэгъуэ нэпсыр жыру псыхьащ.**
**Зи хэкур зилъкIэ зыхъумэжахэм**
**Я фIыщIэр нобэ уафэм нырес!**
**Дэ мамыр гъащIэм дыхуэзышахэм**
**Дунейр щытыхукIэ яIэнщ нэмыс!**

**ДУМЭН Дианэ.**




● Псэущхьэхэм я дуней

# ТхьэкІумэкІыхь

ТхьэкІумэкІыхьыр псэущхьэ лъагъугъуафІэщ. Ар сабийхэми балигъхэми фІыуэ ялъагъу.

А псэущхьэ цІыкІум и тхьэкІумэхэр кІыхьщ, инщ, аращ абы «тхьэкІумэкІыхь» щІыфІащари. И кІэбдз лъакъуитІыр и плІэ лъакъуэхэм нэхърэ нэхъ кІыхьщи, пкІэурэ фІэкІа къикІухьыфыркъым, ауэ апхуэдизкІэ псынщІэу мапкІэри, жэуэ фІэкІа пщІэркъым. И тхьэкІумэхэр жанщи, сыт хуэдэ Іэуэлъауэри фІы дыдэу зэхех. И лыр гурыхьщ, и фэр дахэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэхэм тхьэкІумэкІыхьхэр щопсэу къуацэ-чыцэхэм, мэз лъапэхэм, зыгъэпщкІупІэ здэщыІэ тафэхэм. Дэнэ щІыпІэкІи а псэущхьэ дахэр мащІэ щыхъуащ – щІым халъхьэ щхъухьхэм я зэранкІэ куэдыІуэ зэтолІэ.



● ЖыІэгъуэхэр

## Акъылыр губжьым пІэщІихамэ...

**♦ПщІэ къызэрыпхуищІым папщІэ уасэ щыгугъым, езым и пщІэр ищэжу аращ.**
**♦Іэхъуэ баш уимыІэу уІэхъуэну уемыжьэ.**
**♦Уи гукъеуэр зейм занщІэу жепІэмэ утыншынущ, гужьгъэжьу къыкІэлъепхьэкІ нэхърэ.**
**♦ЦІыхухэм щхъухьми хущхъуэ къыхащІыкІ.**
**♦Насыпыр зыгуэрым и унафэкІэ ягуэшыркъым.**
**♦Акъылыр губжьым пІэщІихамэ, дахагъэ псори пфІэкІуэдащ.**

КІУРАШЫН Алий.

# Джэш хьэнтхъупс, хугу хэлъу

● Шхыныгъуэхэр

Джэш лъэсар псы щІыІэм халъхьэри, мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр цІыкІу ящІри, шыуанысщхьэр техауэ дакъикъэ 25 - 30-кІэ ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. А псыр иракІут, шыуаныр ятхьэщІ, псывэ щІакІэжри, тхъурымбэр къытрахыурэ сыхьэтитІ-тІурэ ныкъуэкІэ ягъавэ. Вэным дакъикъэ 15-20 иІэжу шыгъу хадзэ.



Джэшыр зыхэвыкІа псыр иракІут, шыуаныр ятхьэщІри, джэшыр иракІутэж. Абы шэ гъэпщта щІакІэ, зэ къытрагъэкъуалъэри хугу лъэса халъхьэ, зэІащІэри шыуанысщхьэр трапІэ. МафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху, дакъикъэ 15-18-кІэ ягъавэ.

Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуанысщхьэр трапІэри, дакъикъитху-хыкІэ щагъэт. Пщтыру Іэнэм трагъэувэ фалъэм иту, шатэпс текІауэ. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):*** джэш плъыжьу - г 50, хугуу - г 20, япэу зэрагъавэ псыуэ - г 1000, етІуанэу зэрагъавэ псыуэ - г 1000, шэуэ - г 400, шатэпсу - г 40, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз. Бжьын гъэлыбжьам: бжьыныщхьэ - 1, тхъууэ - г 30.

● Теплъэгъуэ

# ХьэтІалэ

Ди хьэблэм дэсащ гъукІэ Іэзэ гуэр, ХьэтІалэкІэ еджэу. «ГъущІым псэ къыпигъакІэми ярейщ» хужаІэу Іэзэт ар. Колхоз гъукІэу арати, имыщІ щыІэтэкъым, шыгуи, пхъэІэщи, къитхъи, адрей бел, хьэмфІанэ жыхуаІэхэм я гугъу умыщІыххэ. Япэу къуажэм урыс шыгу щызыщІар арат. ЗытрищІыкІар Бахъсэн къалэ щилъэгъуа «урыс бричкэ» жыхуаІэрат.

Зы махуэ гуэрым ХьэтІалэ лъащэу кІыщым щІэту, бригадирыр щІохьэри, и фІэщу йопщІ:

- Уа, ХьэтІалэ, мафІэгу къежьауэ жаІэри, пхуэмыщІыну пІэрэ? – жеІэри.

- МафІэгу жыпІа? – ХьэтІалэ фІэгъэщІэгъуэну, лэжьыгъэр зэпегъэури, бригадирым къоплъ:

- Ар мафІэкІэ зекІуэу арагъэнщ, пэшхьэку тету.

- Аращ-тІэ, щымафІэгукІэ. Апхуэдэ зы диІамэ, дыунат. Шыи выи хэмыту дывэнт, дысэнт.

- Уэлэхьи, ар телъыджэм. Дэнэ апхуэдэ щыплъэгъуар?

- КъалэкІыхьым дэту жаІэ, къижыхьу.

- КІуауэ еплъын хуейщ, - жеІэ ХьэтІалэ.

- КІуэ-тІэ, сэ шы уэстынщ.

Арати, нэхущым шууэ йожьэ ХьэтІалэ, КъалэкІыхьым кІуэну. Къулъшыкъухэм деж ар станцым нос. Плъэмэ, елъагъу Іугъуэ фІыцІэ щхьэщыту, фийуэ къытелъадэ мафІэгур.

- Алоуэхь, мыр сыту ин, сыту кІыхь, - игъэщІагъуэу йоплъри щытщ абы ХьэтІалэ, шым къемыпсыхыу. - Уэлэхьи, уи адэр къэпшамэ, пхуэмыщІын, ХьэтІалэ ар уэ, - зыжреІэжри, къожьэж.

Колхоз пщІантІэм къыщыдыхьэжым, бригадирыр къыпожьэ, шым ирегъэпсыхри къоупщІ:

- ПхуэщІыну укъигъэгугъэрэ? - жеІэри.

ХьэтІалэ хуейтэкъым и зэфІэкІыр игъэлъэхъшэнуи.

- Уэлэхьи, гъущІ куэдыІуэ ихьынущ ахъумэ, зыгуэр есщІэнтэмэ, - жеІэри и кІыщым щІохьэж.

**ШЫГЪУШЭ Алий.**

● ГушыІэ

# Сэри зы «Іыхь» къыслъыгъэс!

Зы чейм иту къашэжа фор Хъуэжэрэ сохъустэмрэ ягуэшыжырт. Сохъустэрат фор къизыгъахъуэри, езым и кхъуэщыным щрикІэнум деж «Іыхь» жиІэу нэхъыбэ къыщІигъалъэрт. Ауэ Хъуэжэ и кхъуэщыным щрикІэнум и деж из имыщІыпэурэ кърикъахъуэрт.

Хъуэжэ зыкъомрэ абы зыри жриІакъым, иужькІэ хуэмышэчыжу и кхъуэщыныр хуишийри елъэІуащ:

- КхъыІэ, сохъустэ, сэри зы «Іыхь» къыслъыгъэс! – жиІэри.

● Тхыгъэ кІэщІхэр

# Махуэм сыт и лажьэ?!

Зэзэмызэ плъэмыкІыу уогупсыс уи жагъуэ хъууэ: сыту цІыху мащІэ дыдэ щыІэжыр, езыхэм я щхьэ закъуэ насып мыхъумэ, адрейхэм я насыпыр къызыфІэІуэхужу, абы щІэбэну, ягу къэкІыу!

* * *

Паспортым итщ укъыщалъхуар. УщылІэжынури иту щытамэ аратэкъэ – цІыху хуэдэу упсэуным нэхъ ухущІэкъунт. Армыхъуамэ язынкъуэхэм зэрамыхъэ щыІэкъым.

* * *

- Мыпхуэдэ махуэр схуэугъурлыкъым, - жиІэрт абы, ауэ, угъурлы хуэхъун папщІэ, зыри илэжьыртэкъым. АтІэ махуэм сыт и лажьэ, лажьэр зытехуэр уэрамэ!

* * *

Сабийм къызэралъхуу гъын щІедзэ. Дауи, абы ищІэ хъунщ арэзы зытемыхъуэн куэд къызэрыпэплъэр.

* * *

Уэ уздэгупсысам нэс фІэкІа гупсысэр нэмысыфу къыпфІэщІмэ, ущоуэ: гупсысэр кІыхьщ, и кІэм нэс урикІуэф къудеймэ.

* * *

Уи гур зыгъэныкъуэр, хэзыгъэщІыр куэдрэ умышэч – абы умыщІэххэурэ уи къарур щІихынущ. Іэмал зэриІэкІэ уи псэм зэрыпІэпихым хуэдэу узэрыпсэуным хущІэкъу, ар зэбгъэхъулІэну мытыншми.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **6**. Уэсэпс ... мэшгъэкІщ. **7**. БжызоІэ, ..., зэхэщІыкІ, си нысэ. **8**. ХьэщІэр хьэзыр ..., бысымыр хьэзыр? **9**. Пэжым ... ирещІ. **10**. И щхьэр мыжьрэ и ... бзаджэу. **13**. ... ямыщхьым бабыщыщхьэ къыфІокІэ. **14**. ... лей хъуркъым. **16**. Узыхуэмыдэм уи уэрэд ... **18**. ... мыхъу фІы хъужыркъым. **20**. Иужьрей Іуэху бзу .... **22**. Гъатхэ ... си нысэ типси, бжьыхьэ ... сипхъу типсэ. **23**. Щыкъу нэщІым ... джэдури йонэцІ.

***Къехыу:*** **1**. И псалъэ фоупсщ, и ... псы защІэщ. **2**. ... хъуныгъэ хущхъуагъэ хэлъщ. **3**. Щхьэ къуиим и лажьэ щхьэ ... ищІэркъым. **4**. ... нэхъ ІэфІщ, гъатхэ нэхъ дахэщ, гу нэхъ жэрщ», - жаІащ. **5**. Зэрымылъ пэ лъагэ, зибг имылъ къудан, зым и ... зым и щІыбщ. **11**. Зы гъэм ... удзыр зы вым ихъуркъым, къэхъуну-къэщІэнур зы лІым ищІэркъым. **12**. ... мыкъу уврэ, ... къуа зигъэщхърэ? **15**. Дыгъужьым мэл зыфІихьынур и пыІэ ... къещІэ. **17**. ... и удыгъэр япэ ирегъэщ. **19**. Унэнум я хьэ удз ..., унэхъунум я нысэ мэдыгъуэ. **20**. Шылэм и ... зеукІыж. **21**. Зи ... мыузым уи щхьэуз хуумыІуатэ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

**Мэкъуауэгъуэм и 21-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Бжэгъу. **3**. Къумыкъу. **5**. Мастэ. **8**. Дэхъу. **10**. ЩІыхь. **11**. Жыр. **12**. Бжы. **13**. Уэрэд. **15**. Залэ. **16**. Уэшх.

***Къехыу:*** **1**. Бэдрэжуз. **2**. Гъум. **3**. Къуэ. **4**. Къущхьэмышх. **6**. Аргъынэ. **7**. Тэмазэ. **9**. Хъудыр. **10**. ЩІыІуб. **13**. Уэ. **14**. Ду.

● Щlыуэпс



# Псыр псэм пащI

**Дызэфэ псыр - псэхэлъхьэжщ, анэ быдзышэми палъыт. Абы езыр-езыру зигъэкъэбзэжыфыну лъэкIыныгъэ иIэщ. Псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ, машинэ зэмылIэужьыгъуэхэм, къинэмыщIхэми къапкърыкIа гъуэзхэмрэ нэгъуэщI къинэмыщIхэмрэ яуцIэпIа нэужькIэ, псыр, дауи, зокIуэкI. Ауэ, зэман гуэр докIри, ар зэрыщытауэ къабзэ мэхъуж.**

АРЩХЬЭКIЭ кIэрэ пэрэ зимыIэ щыIэкъым, псыри ебгъэлейуэ буцIэпIмэ, абы зигъэкъэбзэжын лъэкIыжынукъым. Псы щыIэми, зэфэну къабзэр имыгъуэтыжу цIыху цIыкIур къэнэнкIэ шынагъуэщ.

Псы къабзэ - къабзэ дыдэ щыIэкъым, зыгуэр хэмылъу. Уеблэмэ уэшх ткIуэпсым хэткIухьащ гъуэзи минералхэкIхэри. Псалъэм папщIэ, уэшхыпс килограмм 30 бахъэу бзэхми, ику иту гъущэ зы грамм къэнэнущ. ГъэткIункIэ псым къытекIуэн щыIэкъым. Псори хошыпсыхь, зыпэмылъэщыр дагъэ, углевод, кварц хуэдэхэрщ. ЗаулкIэ ди нэгу къыщIэдвгъэгъэхьэт а лъэкIыныгъэр абы имыIэжу: занщIэу къэувыIэнущ къэкIыгъэми псэущхьэми я гъащIэр.

ХъугъуэфIыгъуэм яхэткъым псым нэхъ лъапIэ. Псыежэхми ещхьщ цIыху гъащIэр - бгъуфIэщ е бгъузэщ, псынщIэщ е хуэмщ, къабзэщ е утхъуащ. Апхуэдэу жиIэрт тхакIуэшхуэ Толстой Лев. Абы псым псэ хэту къилъытэрт.

Псыежэхым пщIэ хуэтщIыркъым, дапщэщи ар къызэрыдгъэсэбэпыным, зэрызэрытпхъуэным дыхэтщ. Ар махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу доуфIей, псы Iуфэхэр кIэрыхубжьэрыху идзыпIэ дощI. Щхьэ къыдгурымыIуэрэ псыр къыщиукIэ и псыхъуэр, Iуфэхэр, жапIэхэр зэригъэкъэбзэжыр?!

Псысэм хыхьэжами ярейщ псыхъуэхэм къыщыкIыу щыта мэз цIыкIухэри, абы щIэса мэз джэд, дзыдзэ, уашхэ, ужьэ, цыжьбанэ хуэдэхэр, псыежэххэм куэдыкIейуэ хэса аргъейр, акъыр, пащIэкIапсэр, къуэлэныр, алабгъуэр... Къэнэжа тIэкIури электрокъунтх гуащIэ IэрыщIкIэ хаукIыкI, хлор хакIутэурэ ягъалIэ, абы бдзэжьей жылэри, бдзэжьей шхыныгъуэу нэм къимыщтэ псэущхьэхэри, хьэндыркъуакъуэ нэгъунэ докIуэд, псым ахэр зэи химыщIэжыну.

Гъэмахуэм псыхъуэм зыщызыгъэпсэхухэм здэщысым деж къыщанэ бащырыбэ къутахуэхэр, консерв банкI нэщIхэр, тхылъымпIэжьхэр, кIэрыху-бжьэрыхухэр куэд мэхъу, гъуэжьплъыжьыфэу удз гъужам мафIэ щIадзэри лыгъэ ирадз. Абы хесхьэ хьэпIацIэ сэбэпхэр, шындырхъуо, блэ сытхэр.

Къуажэ, хьэблэ къэс яхъумэжын хуейт я псыхъуэ Iыхьэхэр, нэпкъхэр зыгъэбыдэ къэзмакъыр, къатхъэнсулыкъур, хьэцыбанэр, хьэмкIутIыр щIэрыщIэу хасэжу.

ЩIыщIагъыпсхэр-щэ? ЩIым дыкIуэцIрыплъыфатэмэ къэтлъагъунут: Iэпкълъэпкъ лъынтхуэхэм ярыт лъым хуэдэу, абы щызокIуэ псыр - инагъ, хуабжьагъ елъытакIэ - зыкъаIэт е йотIысэх. Ящхьэщылъщ пкъыгъуэ быдэхэр, ятIагъуэ, къинэмыщIхэр. И гущIыIур къыщыплъагъуфынур псыкъуий къэптIмэщ. Мыбдежым ар мамырщ, жьапщэм щызыхъумэ мэзым и курыкупсэм ит гуэлым ещхьу.

Курыт лIэщIыгъуэхэм псы къэзылъыхъуэхэм дзэл къудамэ къыздрахьэкIырти, ар щIы кIапэм ирахьэлIэу кIэзызмэ, абдеж дыдэм псыкъуий къыщатIырт. ЩIыщIагъыпсхэри лъагапIэмкIэ къыщыщIэдзауэ лъэхъшапIэмкIэ йожэх, ауэ щIы гущIыIухэм зы жэщ-махуэм ику иту километрищэ яжмэ, щIыщIагъыпсхэм илъэсым метр мин якIуми аращ, мыбы теухуауэ къамыщIахэри мащIэкъым.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, щIыщIагъыпсыр лIэщIыгъуэкIэрэ зэхуэхьэса хъуащ, къыщыщIэрэщIэжын папщIэ илъэс мин бжыгъэ дэкIын хуейщ. ЩIыщIагъыпсхэми цIыху гъащIэмкIэ я мыхьэнэр пхуэмыIуэтэщIынщ. Мысырым псы къуий куухэр щыIащ илъэс миниплI ипэкIэ. Европэм япэ артезиан псыкъуийр къыщатIащ 1126 гъэм, а Iуэхум къыпащэ нобэр къыздэсым.

Аддэ куууэ щыIэ щIыщIагъыпсыр сыт щыгъуи къабзэщ, IэфIщ. Бактерие лъэпкъ хэскъым абы. Хьэлъэщ е ткIыбжьщ, минеральнэ пкъыгъуэ куэд хэткIухьамэ, апхуэдэхэр нэхъ мащIэмэ - щабэщ.

Минеральнэ шыгъушыпс защIи щыIэщ. Апхуэдэпсыр къыщызопэщ куу дыдэу, мафIэбг къыщIэхъу пкъыгъуэхэм я гъунэгъуу, абыхэм яхэлъ минералхэр хэшыпсыхьурэ, къэкъуалъэм егъэпщтыр мыдрей псыхэр. Аращ нарзаныр щIэпщтырри, минеральнэу щIыщытри. ЗэрыхущхъуэмкIи цIэрыIуэщ. УзыншагъэмкIэ япэ IэзапIэр Урысейм къыщызэIуахащ Петрозаводск и Iэгъуэблагъэм щыIэ псынэм деж, Пётр Езанэм и унафэкIэ. Езы пащтыхьым и узыншагъэр абы щригъэфIэкIуащ 1717 - 1722 гъэхэм. СНГ-р къэтщтэнщи, минеральнэ псы къыщIэжыпIэу миниплIым щIигъу иIэщ.

Мы зэманым дэ щIыщIагъыпс куэд идоф, зэдгъэзэхуэни хуейщ. Къэлъытапхъэщ псы гъэтIылъыгъэу щыIэри, ахэр къызэрыщIэрэщIэжым и хуабжьагъ-хуэмагъри. КъызэрахутамкIэ, ди хэкум и щIыщIагъыпсыр пхуэмыухын хуэдэу куэд хъуркъым, уефэн ипэкIи зыкъомыр зыхуей хуэгъэзапхъэщ. УзыншагъэмкIэ фIыт, бгылъэхэм къыщыщIэжххэр бжьамийкIэ тафэм щыIэ къуажэхэм къагъэжатэмэ.

Республикэм ис зы цIыхум, ику иту къатщтэмэ, жэщ-махуэм щIыщIагъыпсу литрищэрэ блыщIым щIигъу къегъэсэбэп - ирифми, зитхьэщIми, ирипщафIэми, ирижьыщIэми. Дыщысхьын хуейщ дызэфэ псым, зыуцIэпIу къэтлъытэ дэтхэнэ пкъыгъуэми ар щытхъумапхъэщ.

«Псыр псэ хэлъхьэжщ» жыхуиIэращ, псы уимыIэу упсэуфынукъым, дыхуэвгъэсакъ, дызэфэ псым пщIэ хуэдвгъэщI.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**

# Ди яужь къитыжыр зы закъуэщ

● Футбол

**«Нарт» (Черкесск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 5:0 (4:0). Черкесск. «Нарт» стадион. Мэкъуауэгъуэм и 25-м. ЦIыху 680-рэ еплъащ.**

***Судьяхэр:*** Довбня, Типикин (тIури Краснодар щыщщ), Ивлев (Москва).

***«Нарт»:*** Туаев, Камилов, Кусков, Лелюкаев, Шахтиев, Бацу (Хьэсанэ, 83), Давлитгереев (Темишев, 63), Дэхъу (Мэкъуауэ, 75), Машэжь (Бостанов, 63), Тхьэкъуахъуэ (Гирзишев, 63), Суанов.

***«Спартак-Налшык»:*** Къумыкъу, Гъуэгузокъуэ, Жабоев, КIэдыкIуей, Блий, Болэтокъуэ (Дзыгул, 55), Мэшыкъуэ, Лу (Шэрджэс, 46), Мызэущ (ЛIуп, 81), Къумыщ (Далиев, 46), Хьэшыр.

***Топхэр дагъэкIащ:*** Бацум, 12 (1:0). Машэжьым, 18 (2:0). Тхьэкъуахъуэм, 26 (3:0). Машэжьым, 40 (4:0). Бостановым, 79 (5:0).

***Дагъуэ къыхуащIащ:*** Шахтиевымрэ Суановымрэ.

«СПАРТАК-Налшыкым» кIуэ пэтми дигу нэхъ хегъэщI. Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ вэсэмахуэ абы Черкесск щригъэкIуэкIа зэIущIэр уи щхьэр щIозыгъагуэщ. ЗэфIэкIкIи мы гъэм къагъэлъагъуэ бжыгъэхэмкIи тпэмыжыжьащэ «Нартым» ар апхуэдизкIэ къыпикIуэтати, топ дапщэ хуейми ди гъуэм къыдигъэкIыфыну къыпщыхъурт. Сыти жыIи, джэгум и 26-нэ дакъикъэм ирихьэлIэу черкесскдэсхэр 3:0-у япэ ищат, ар зэпагъэуным ирихьэлIэу 4:0-м нагъэсат.

Хьэлэмэтращи, а топхэр къытхудэзыгъэкIахэр адыгэ защIэт. Псом хуэмыдэу IэубыдыпIэншэт «Спартак-Налшыкым» зэрыщыджэгурэ куэд мыщIа, иджы «Нартым» и капитан Машэжь Ратмир. Ар тIэунейрэ къыхэжаныкIащ, ауэ и лъахэгъухэм я жагъуэ зэрищIым гушхуэныгъэ лъэпкъ къззэрыримытыр нэрылъагъут. Апхуэдэ дыдэу абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьри иIэтыфынут, Iэмал къратамэ. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, Къэрэшей-Шэрджэсым и командэ нэхъыщхьэм а пщыхьэщхьэм щытлъэгъуащ ди командэм и фащэр иджыблагъэ зыщыгъа, Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщызыгъэса нэгъуэщI щIалэ зыбжани. Арагъэнщ, загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ «Нартыр» мащIу щIэужьыхыжар - хуеягъэнукъым ямыхамэ «Спартак-Налшыкым» и напэр трахыпэну. Апхуэдэу щыт пэтми, Бостановым етхуанэ топри къытхудигъэкIри, кIэух бжыгъэр 5:0-м нигъэсащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм хэгъэрейхэм зыри пагъэувыфакъым икIи я щхьэр лъахъшэу фIэхуауэ аргуэру джэгупIэ губгъуэм къикIыжащ.

Армырами мыщIагъуащэ ди командэм и гъуэм и бгъэдыхьэпIэхэр кIуэцIрыкIыбжэм хуэдэт. ТопитхутэкIъым абы дэкIын хуеяр. ЗыкIи нэхъыфIакъым гъуащхьэхъумэныкъуэхэри гъуащхьауэхэри. Аращи, етIуанэ къекIуэкIыгъуэм и пэщIэдзэм Мэхъэчкъалэ щыIэу псоми хагъащIэ щIыпIэ «Динамо-2»-м зэрыщытекIуар къэдмылъытэмэ, зэкIэлъхьэужьу зэIущIипщI хъуауэ «Спартак-Налшыкыр» зыми пэлъэщыркъым, абыхэм ящыщу иужьиблым я хьэрхуэрэгъухэм топ худагъэкIыфыркъым. А псом кърикIуаращи, зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм ди яужь щитыжыр зы командэ закъуэщ, къыщыхамыгъэщIар зыщыгъупщэжа Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-рщ. Вэсэмахуэ къытщхьэщыкIащ абы ефIэкIа Нэзрэн и «Ангушт»-ри. АдэкIэ здэкIуэн щыщымыIэжкIэ, «Спартак-Налшыкым» и ехуэхыныгъэр къызэтеувыIауэ къэтлъытэнщ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекIуэкIа зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ. Мис ахэр: «**Победа**» (Хасавюрт) - «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - **1:1**, «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **0:1**, «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **1:1**, «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - «**Рубин**» (Ялтэ) - **0:1**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Кубань Холдинг**» (Павловскэ) - **1:1**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Сочи-2**» (Сочэ) - **0:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» пщэдей и стадионым щригъэкIуэкIынущ. Абы къригъэблэгъэнущ ди къуэш Адыгейм и «Дружба»-р. Аращ иужьу текIуэныгъэ нэскIэ узэджэ хъуну ди щIалэхэм къызыфIахьар. Къыщыхъуари, мэлыжьыхьым (апрелым) и 13-рщ. Алъандэрэ блэкIа мазитIрэ ныкъуэм я Iуэхухэр екIакIуэ зэпытщ. Хэт ищIэн, зы къекIуэкIыгъуэр щызэфIэкIакIэ, насыпми зыкъигъэзэнкIэ хъунщ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Динамо Ставрополь»** | **16** | **9** | **4** | **3** | **25-17** | **31** |
| **2.** | **«Ростов-2»** | **16** | **9** | **3** | **4** | **24-15** | **30** |
| **3.** | **«Победа»** | **16** | **9** | **2** | **5** | **23-17** | **29** |
| **4.** | **«Кубань Холдинг»** | **16** | **7** | **7** | **2** | **28-16** | **28** |
| **5.** | **«Севастополь»** | **16** | **7** | **6** | **3** | **25-23** | **27** |
| **6.** | **«Рубин»** | **16** | **7** | **4** | **5** | **16-14** | **25** |
| 7. | «Сочи-2» | 16 | 7 | 4 | 5 | 22-16 | 25 |
| 8. | «Астрахань» | 16 | 6 | 6 | 4 | 23-15 | 24 |
| 9. | «Легион» | 16 | 6 | 5 | 5 | 18-18 | 23 |
| 10. | «Нарт» | 16 | 5 | 4 | 7 | 18-16 | 19 |
| 11. | «Дружба» | 16 | 5 | 4 | 7 | 24-20 | 19 |
| 12. | «Ангушт» | 16 | 3 | 4 | 9 | 11-22 | 13 |
| **13.** | **«Спартак-Налшык»** | **16** | **3** | **3** | **10** | **13-30** | **12** |
| 14. | «Динамо-2» | 16 | 0 | 2 | 14 | 8-39 | 2 |

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.443 • Заказыр №1378

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А